

Konje Familyal Peye (Paid Family Leave, PFL) Eta New York la bay tan konje peye kote travay ou pwoteje pou w kapab:



KREYE LYEN AFEKTIF
ak yon tibebe ki fenk fèt,
timoun ou fenk adopte
oswa timoun ou fenk
akeyi nan fwaye dakèy



PRAN SWEN
yon manm fanmi ki
gen yon pwoblèm
sante grav



EDE
pwòch ou yo lè yon
manm fanmi deplwaye
aletranje nan sèvis
militè aktif

Kiyès ki gen pwoteksyon anba Konje Familyal Peye?

Pifò anplwaye k ap travay pou patwon prive nan Eta New York (New York State, NYS) yo gen pwoteksyon anba Konje Familyal Peye (PFL). Si w se yon anplwaye pilbik, ou ka kouvri si patwon w te chwazi li menm pou ofri avantaj la. Anplwaye piblik ki reprezante nan sendika yo ka kouvri si yo te negosye avantaj la nan negosyasyon kolektif.

Kijan Konje Familyal Peye ka ede ou menm ak fanmi w?

- **Kreye lyen afektif ak yon timoun:** Ou ka pran tan konje pou kreye lyen afektif ak tibebe w ki fenk fèt la, timoun ou fenk adopte a oswa timoun ou fenk akeyi nan fwaye dakèy nan 12 premye mwa apati lè li fèt la oswa lè ou akeyi l la.
- **Kreye lyen afektif ak yon timoun::** Ou ka pran tan konje pou pran swen mari w, madanm ou, moun ou plase ak li a, pitit/bofis oswa bèlf, frè, sè (byolojik, adoptif, sou bò manman oswa papa, pitit bèlmè oswa bòpè), paran, madanm/mari paran w, manman/papa madanm oswa mari w, granparan, oswa pitit-pitit ou ki gen yon pwoblèm sante grav.
- **Ede yon militè:** Ou ka pran tan konje pou ede lè yo rele madanm oswa mari w, moun ou plase ak li a, pitit ou oswa paran w pou sèvis militè aktif nan peyi etranje.

Kiyès ki elijib pou Konje Familyal Peye?

Si ou gen pwoteksyon anba PFL la, ou elijib pou w pran l pou yon evènman ki kalifye depi ou reponn ak egzijans minimòm yo:

- **Anplwaye ki travay atan plen yo:** Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay pou 20 èdtan oswa plis pa semèn, ou elijib apre 26 semèn travay youn apre lòt avèk patwon w nan.
- **Anplwaye ki travay atan plen yo:** Si ou gen yon orè travay regilye kote ou travay mwens pase 20 èdtan pa semèn, ou elijib apre ou fin travay pou patwon w nan 175 jou, epi yo pa bezwen youn apre lòt.

Yo pa konsidere si w se yon sitwayen ameriken ak/oswa sityasyon imigrayson ou pou deside si ou elijib. Gen kèk anplwaye ki travay atan pasyèl oswa ki travay sou sezon ki ka kalifye pou yon dispans pou pèmèt yo pa pran pwoteksyon. Ale sou paidfamilyleave.ny.gov/protectations#opting-out pou jwenn plis enfòmasyon.

Ki dwa ak pwoteksyon ou genyen nan kad Konje Familyal Peye a?

- **Pwoteksyon travay:** Ou gen garanti ke w ap retounen nan menm travay la oswa youn ki konparab ak li apre ou fin pran konje a.
- **Asirans sante:** Pwoteksyon w nan ap kontinye pandan ou nan konje nan menm kondisyon tankou si ou te kontinye travay. Si ou peye yon kontribisyon nan asirans sante ou, ou dwe kontinye peye kontribisyon w lan pandan ou nan konje.
- **Diskriminasyon ak reprezay:** Patwon w lan pa gen dwa fè diskriminasyon ni reprezay kont ou paske ou mande oswa pran PFL.

Kijan yo finanse Konje Familyal Peye?

Yo finanse Konje Familyal Peye gras ak kontribisyon salaryal anplwaye yo ki fikse chak ane pou koresponn ak pri pwoteksyon an koute. Nou egzamine to kontribisyon an chak ane, epi Depatman Sèvis Finansyèl (Department of Financial Services) Eta New York la ka chanje li. Ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov/cost](https://paidfamilyleave.ny.gov/cost) pou jwenn to kontribisyon aktyèl la ak kontribisyon maksimòm anyèl la.



Kisa avantaj yo ye?

Ou ka pran jiska 12 semèn PFL epi resevwa 67% salè mwayen chak semèn (average weekly wage, AWW) w la, ak yon limit plafonman ki a 67% Salè Mwayen chak Semèn Eta New York la (New York State Average Weekly Wage, NYSAAWW). Jeneralman, AWW w la se mwayèn wit (8) dènye semèn salè ou avan ou kòmanse PFL la. Yo mete NYSAAWW a ajou chak ane epi yo pibliye l sou sitwèb Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York la. Gade nan dol.ny.gov.

12 SEMÈN
67% SALÈ W
 (limit plafonman a
 67% NYSAAWW a)

Kijan pou w aplike?

Li fasil pou mande PFL. Pou kòmanse, planifye konje w la:

- Ou ka pran konje swa yon sèl kou oswa moso pa moso, men ou dwe pran li pa jou konplè.
- Ou dwe mete patwon ou okouran omwen 30 jou avan konje a kòmanse, si ou ka prevwa li; sinon, ou dwe mete patwon ou okouran pi vit posib.

Kou w pare pou w aplike, suiv twa etap sa yo:

- 1. RASANBLE FÒMILÈ W YO AK DOKIMANTASYON W NAN:** Ou ka jwenn fòmilè PFL yo nan men patwon ou, konpayi asirans travay ou, oswa dirèkteman sou PaidFamilyLeave.ny.gov/forms. Ansanm fòmilè w la ap gen ladan l *Request for Paid Family Leave (Demann pou Konje Familyal Peye)*, (*Fòmilè PFL-1*), ansanm ak tout fòmilè adisyonèl ki nesèsè pou kalite konje ou vle pran an. Enstriksyon ki nan fòmilè a ap detaye ki dokiman jistifikatif, si genyen, ke w ap gen pou soumèt nan kad demann pou PFL ou a.
- 2. RANPLI YO EPI ANEKSE YO:** Ranpli fòmilè pou kalite konje espesifik ou planifye pran an. Sonje ke *Fòmilè PFL-1* an gen pati ke ou menm ak patwon ou dwe ranpli. Ranpli seksyon pa w la, fè yon kopi, epi bay patwon w fòmilè a pou l ranpli **Pati B** a. Patwon w gen obligasyon pou l retounen *Fòmilè PFL-1* an ba ou nan yon delè trwa jou ouvrab. Si gen yon reta, ou pa oblije ret tann pou kontinye. Voye *Fòmilè PFL-1* ou te ranpli a, ansanm ak rès dosye demann ou a, dirèkteman bay konpayi asirans patwon w nan.
- 3. SOUMÈT LI NAN YON DELÈ 30 JOU:** Ou dwe soumèt dosye demann konplè w la bay konpayi asirans patwon w nan nan yon delè 30 jou apre ou kòmanse konje wla pou evite pèdi avantaj ou yo.
 - Si ou vle konnen kiyès ki se konpayi asirans PFL patwon w nan, ou ka:
 - Chèche afich PFL ki nan travay ou a.
 - Mande patwon ou.
 - Chèche l avèk aplikasyon pou rechèch pwoteksyon patwon an sou wcb.ny.gov.
 - Si ou pa kapab detèmine konpayi asirans patwon w lan, rele **Liy Dirèk pou Konje Familyal Peye (Paid Family Leave Helpline)** nan pou jwenn èd nan **(844) 337-6303**. Liy dirèk la disponib lendi jiska vandredi, soti 8:30 a.m. rive 4:30 p.m.

Nan pifò ka, konpayi asirans la dwe peye oswa refize bay avantaj nan yon delè 18 jou apre li resevwa demann konplè w la oswa nan premye jou konje w la, sa ki vini pi ta a. Yo p ap ka konsidere demann ou an kòm yon demann ki pa konplè sèlman paske patwon ou pa t ranpli **Pati B Fòmilè PFL-1** an nan yon delè trwa jou ouvrab.

SE RESPONSABLITE OU POU SOUMÈT FÒMILÈ YO BAY KONPAYI ASIRANS PATWON W NAN. SE PA RESPONSABLITE PATWON OU.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou PaidFamilyLeave.ny.gov oswa rele **(844) 337-6303**.



**Paid Family
Leave**